**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

**Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2016-жыл 2-майдағы «Улыўма орта ҳәм орта арнаўлы, кәсип-өнер билимлендириў мәкемелеринде саламат аўқатланыўды шөлкемлестириў жумысларын жәнеде жеделлестириў ис-илажлары ҳаққында»ғы 132-санлы қарары ҳәм де Денсаўлықты сақлаў ҳәм Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 3-сентябрьдеги "COVID-19 пандемиясы дәўиринде улыўма орта билим бериў мектеплеринде медицина хызметкерлерин бекитиў ҳәм хызметин шөлкемлестириў ҳаққында"ғы 77-, 35 қ/қ-санлы қоспа қарарын орынлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 8-январьдағы 04-04/3-22-санлы хатына муўапық, улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшылардың саламат аўқатланыўы ҳәм оларға сыпатлы медициналық хызмет көрсетилиўи ушын жаратылған шараятларын үйрениў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2016-жыл 2-майдағы «Улыўма орта ҳәм орта арнаўлы, кәсип-өнер билимлендириў мәкемелеринде саламат аўқатланыўды шөлкемлестириў жумысларын жәнеде жеделлестириў ис-илажлары ҳаққында»ғы 132-санлы қарары ҳәм де Денсаўлықты сақлаў ҳәм Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 3-сентябрьдеги "COVID-19 пандемиясы дәўиринде улыўма орта билим бериў мектеплеринде медицина хызметкерлерин бекитиў ҳәм хызметин шөлкемлестириў ҳаққында"ғы 77-, 35 қ/қ-санлы қоспа қарарының орынланыўы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшылардың саламат аўқатланыўы ҳәм оларға сыпатлы медициналық хызметиниң көрсетилиўи ушын жаратылған шараятларын үйрениў бойынша исши топары 1-қосымшаға;

- улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшылардың саламат аўқатланыўы ҳәм оларға сыпатлы медициналық хызметиниң көрсетилиўи ушын жаратылған шараятларын үйрениў сораўнамасы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириў ҳәм медициналық хызметин муўапықластырыў бөлимине тийисли шөлкемлер менен келисилген ҳалда үйренип шығыў тапсырылсын.

4. Улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшылардың саламат аўқатланыўы ҳәм оларға сыпатлы медициналық хызметиниң көрсетилиўи ушын жаратылған шараятларын үйрениў бойынша исши топарына:

-карантин нормаларына әмел еткен ҳалда улыўма орта билим бериў мектеплеринде шөлкемлестирилген асхана ҳәм буфетлериниң санитариялық-гигиеналық талапларын;

-улыўма орта билим бериў мектеплериниң асхана ҳәм буфетлеринде таярланған азық-аўқат өнимлери ҳәм тағамлар сыпатын үйрениў бойынша комиссия шөлкемлестирилгенлигин;

- билимлендириў мәкемелеринде медицина ханалары шөлкемлестирилгенлиги ҳәм оларға медицина хызметкерлериниң бекитилгенлигин ҳәм де зәрүр болған дәри-дарманлар ажыратылғанлығын;

- билимлендириў мәкемелеринде оқытыўшылардың медициналық көригинен өткенлигин, медицина дәптершесиниң дурыс толтырылғанлығын ҳ.т.басқада мәселелерди үйренип шығып, ҳәм үйренилген нәтийжесин халық билимлендириў министрлигине тапсырылсын.

5. Районлық, қалалық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:

-буйрық тийкарында улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшылардың саламат аўқатланыўы ҳәм оларға сыпатлы медициналық хызмет көрсетилиўи ушын жаратылған шараятларын үйренип шығыў ҳәм анықланған кемшиликлерди сапластырыў;

-улыўма орта билим бериў мектеплери асхана ҳәм буфетлериниң жумысларын Министрлер Кабинетиниң 2016-жыл 2-майдағы 132-санлы қарарына муўапық шөлкемлестирилгенлиги;

-Денсаўлықты сақлаў ҳәм Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 3-сентябрьдеги 77-, 35 қ/қ-санлы қоспа қарары тийкарында улыўма орта билим бериў мектеплеринде медицина ханалары шөлкемлестирилгенлиги ҳәм оларға медицина хызметкерлериниң бекитилгенлиги;

-улыўма орта билим бериў мектеплеринде зәрүр болған дәри-дарманлар ажыратылғанлығы;

-оқыўшылардың саламат аўқатланыўды шөлкемлестириў бойынша мониторинг жумыслары алып барылғанлығы, оқыўшылар ҳәм олардың ата-аналары арасында сораўнамалар өткерилгенлигин қадағалаў тапсырылсын.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары (А.Ҳудайбергенов)на жүклensин.

**Министр Р.Реимов**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * D KEN'SE HU'JJETLERI

**№ 12**

**“ 11 ” январь 2021-жыл**

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министриниң
2021-жыл "11" январь деги
"12"-санлы буйрығына
1-қосымшасы

**Улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшылардың саламат аўқатланыўы ҳәм оларға сыпатлы медициналық хызметиниң көрсетилиўи ушын жаратылған шараятларын үйрениў бойынша Халық билимлендириў министрликтиң Исши топар қурамы**

| | |
|---|---|
| А.Худайбергенов | -Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары, исши топар баслығы; |
| А.Бегжанов | -Халық билимлендириў министрликтиң бас юристи, исши топар ағзасы; |
| С.Хабипов | -Саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириў ҳәм медициналық хызметин муўапықластырыў бөлими баслығы, исши топар ағзасы; |
| И.Балтабаев | -Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шериклик бөлими баслығы, исши топар ағзасы; |
| И.Тлеўмуратов | -Саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириў ҳәм медициналық хызметин муўапықластырыў бөлиминиң қәнигеси, исши топар ағзасы. |

**Еслетпе*** Исши топар қурамына қосымша қәниге керек болған жағдайда қосымша буйрық тийкарында алынады.